

Kesyon ki poze pi souvan yo

Ki objektif Biwo Sèvis pou Lokatè a?

Objektif Biwo Sèvis pou Lokatè a se pou bay enfòmasyon ak resous pou pwopriyetè ak lokatè kap fè fas ak pwoblèm. Epiou, biwo a fè sansibilizasyon ak edikasyon pou pwopriyetè yo ak lokatè yo.

Pou ki kalite kay Lwa Pwopriyetè/Lokatè yo (Chapit 83) aplikab?

Kay lokatè defini antan ke yon kay rezidansyèl kote se yon lokatè ki abite ladan, san se pa li ki mèt kay la, sa rive fèt an echanj kote li antre nan yon kontra lwaye ansanm ak pwopriyetè kay la.

Ki sèvis Biwo Sèvis pou Lokatè a bay?

Biwo Sèvis pou Lokatè bay enfòmasyon, edikasyon ak fè sansibilizasyon, epi li bay lokatè yo referans. Biwo a pa bay okenn kalite asistans finansye.

Si pwopriyetè a ap ogmante lwaye a plis pase 5% dwe, li bay lokatè a yon avi 60 jou davans.

Ki sa ki se yon sous revni legal?

Yon sous revni legal defini kòm:

- Yon pwofesyon, okipasyon, oswa yon travay legal
- Èd nan men Gouvènman oswa pwogram asistans prive, sibvansyon, prè oswa asistans lojman tankou Seksyon 8
- Kado, eritaj, pansyon, anwite, revni konfyans, pansyon alimantè, sipò timoun
- Vann byen oswa yon enterè sou yon byen

Èske pwopriyetè kay mwen an oblije ban mwen yon avi 60 jou pou yon degèpisman?

Non, se lwa Eta a ak sistèm Jidisyèl a ki gen pou wè ak degèpisman.

Ki kritè yon pwopriyetè ka itilize pou tcheke sou lokatè potansyèl yo?

Yon pwopriyetè ka mande dokiman pou fè yon verifikasyon antesedan ak tchèk kredi pandan pwosesis aplikasyon an ak nenpòt lòt dokiman pwopriyetè kay la mande pou fè tchèk sou ou.

Kilè pwopriyetè kay mwen an oblije retounen depo garanti a?

Chapit 83 Lwa Florid yo mande pou pwopriyetè a remèt depo garanti a nan 15 jou apre lokatè a/yo fin ite kay la si pa gen okenn reklamasyon ki gen pou wè ak depo garanti a. Si pwopriyetè a ap fè yon reklamasyon kont depo garanti a, lap gen 30 jou pou li bay dokiman alekri sou reklamasyon ki gen pou wè ak depo a.

Kisa yon lokatè dwe fè si kay la bezwen reparasyon (èkondisyone, lap koule, elatriye) epi pwopriyete a pa reponn?

Si apre li fin kontakte pwopriyete a, reparasyon yo poko fèt, lokatè a gen dwa kontakte departman pou konfòmite kòd la pou depoze yon plent epi mande pou yon enspektè vin fèt sou plent lan.

Kisa pou m fè si mwen bezwen asistans pou peman lwaye yo?

Anba onglè Resous lokatè a nan paj wèb la gen yon lis ajans ki bay asistans pou lwaye ak tout kontak yo.

Kouman pou mwen jwenn lojman abòdab nan Komin Oranj?

Anba onglè Resous lokatè ki nan paj wèb la gen yon lis resous lojman pou w ka chèche lojman abòdab.

Èske Biwo Sèvis pou Lokatè a ka ban mwen konsèy legal sou sitiyasyon mwen an?

Biwo Sèvis pou Lokatè a pa ka bay kliyan konsèy legal, biwo a ka refere w bay yon sèvis legal pou konsèy legal.